



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU REZOLISYON KONFLI SENACA A

"Depi nan kòmansman administrasyon mwen an, mwen te angaje pou rezoud konfli sa epi sekirize fon ke Eta ak gouvènman lokal yo dwe yo. Tribinal yo te toujou tranche an favè Eta a, men okenn pèman pa t ko fèt. Lè mwen te antre an fonksyon, mwen te chèche negosye nan bòn fwa, epi nou te fè fas ak tout obstak yo. Mwen kontan pou finalman jwenn yon rezolisyon, epi New York te resevwa tout 564 milyon dola a.

Fon sa yo te jenere nan Lès New York, epi m ap dirije pati pa Eta a, ki se plis pase 418 milyon dola, bay nouvo estad Buffalo Bills la. Sa ap asire ke Bills yo rete nan Eta New York epi sipòte 10,000 djòb konstriksyon. Rès fon yo prale dirèkteman nan konte ak vil Lwès New York yo epi reenvesti pou sipòte ekonomi lokal ak kominote yo.

Mwen remèsye Prezidan Pagels ak lidè Peyi a dèske yo respekte angajman yo anvè pèp New York la."

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418